

# Swen po-sou-po Pou Tibebe ki Fèt Anvan lè

**Tibebe ki fèt byen anvan lè abityèlman rete nan depatman swen entansif neyonal. Ou kapab rete pre tibebe w la nan fè swen po-sou-po oubyen swen “kangourou” a. Kenbe tibebe w la po-sou-po bon pou tibebe w la epi pou oumenm tou.**

## Kisa swen po-sou-po oswa swen kangourou ye ?

- Swen po-sou-po oubyen swen kangourou se lè w kenbe tibebe w la sou po pwatrin ou an. Tibebe w la ap toutouni nèt, senpleman avèk yon kouchèt.
- Kontak dirèk avèk po w san pyès blokaj abiman oubyen kouvèti se sa ki anpeche tibebe w la frèt epi kenbe l byen pòtan.
- Se pou w fè swen po-sou-po pi plis posib pandan tibebe a nan lopital epi se pou w kontinye fè sa lakay ou apre tibebe a kite lopital la.

## Po-sou-po kapab ede tibebe ki fèt anvan lè :

- Pa frèt.
- Respire epi dòmi pi byen.
- Gen yon pi gwo koneksyon avèk manman pa yo.
- Pare pou pran lèt tete.

## Po-sou-po kapab ede manman yo :

- Pwodwi plis lèt tete.
- Gen yon pi gwo koneksyon avèk tibebe pa yo a.
- Aprann ki bezwen tibebe pa yo gen.

## Kilès ki kapab fè swen po-sou-po ?

- Li sekirize pou w mete yon tibebe ki fèt anvan lè nan pozisyon po-sou-po. Men tibebe ki tou piti piti kapab fè sa.
- Manman, papa, oubyen lòt gadò kapab fè swen po-sou-po a.
- Marasa kapab fè swen po-sou-po youn ak lòt.
- Mande enfimyè oubyen doktè a si swen po-sou-po oke pou tibebe w la oubyen pou tibebe ou yo.

## Kijan pou m fè swen po-sou-po a ?

- Enfimyè k ap swiv tibebe w la ap ede w mete ni oumenm ni tibebe w la nan pozisyon.
- Li ka pi fasil si w mete yon blouz dekolte oubyen ki boutonnen sou devan pou w sa mete tibebe a sou po pwatrin ou an.
- Planifye pou w kenbe tibebe w la omwen 60 minit sou pwatrin ou.
- Ou kapab sèvi ak yon ponp pou tete apre w fini ak po-sou-po a. Anpil manman remake yo pwodwi pi plis lèt apre yo fè po-sou-po.

